



PLAN POU RETOUNEN LEKOL LA

LI SIJE POU
NOU CHANJE
LI BAZE SOU
METRIK
SANTE YO
OSWA LOT
FAKTE YO

- Semenn pou 19 Oktob** → Prekindergarten ap gen pou ale 4 jou nan yon semèn (eksepte mèkredi), tout jounen (Delmar ES mwatye jounen).
- Semenn pou 26 Oktob**
 - Ibrid pou Kindergaden, elèv yo ale nan Lendi / Madi oswa Jedi / Vandredi. Aprantisaj ap kontinye nòmalman Mèkredi ak nan jou elèv yo pa ale nan fas-a-fas.
 - Elèv k ap resevwa sèvis Edikasyon Espesyal nan lekòl depi 10/5 ale nan ibrid, tout jounen Lendi / Madi oswa Jedi / Vandredi. Aprantisaj ap kontinye nòmalman Mèkredi ak nan jou elèv yo pa ale nan fas-a-fas.
- Semenn pou 9 Novanm** → Klas 1 & 2 ibrid, elèv yo ale nan Lendi / Madi oswa Jedi / Vandredi. Aprantisaj ap kontinye nòmalman Mèkredi ak nan jou elèv yo pa ale nan fas-a-fas.
- Semenn pou 30 Novanm**
 - Klas 3-5 ibrid, elèv yo ale nan Lendi / Madi oswa Jedi / Vandredi. Aprantisaj ap kontinye nòmalman Mèkredi ak nan jou elèv yo pa ale nan fas-a-fas.
 - Kòmanse yon orè plen klòch vityèl (chak jou men mèkredi) pou elèv lekòl presegondè yo nan preparasyon pou tranzisyon nan ibrid jounen konplè nan lekòl yo nan 4 janvye Remak: Mardela ak chwa lekòl presegondè yo ap rete nan orè vityèl aktyèl la.

Paran/gadyen yo dwe komite nan aprantisaj ibrid pou elèv yo oswa chwazi aprantisaj vityèl jiska 29 janvye 2021.



PLAN POU RETOURNEN LEKOL LA

LI SIJE POU
NOU CHANJE
LI BAZE SOU
METRIK
SANTE YO
OSWA LOT
FAKTE YO

Semenn 4 Janvyè

- Klas 6eme-8eme (ki gen ladan Choices ak Mardela) kòmanse ale nan ibrid, Lendi / Madi oswa Jedi / Vandredi. Aprantisaj ap kontinye nòmalman Mèkredi ak nan jou elèv pa ale nan fas-a-fas.
- Kòmanse yon orè tout jounen vityèl klòch (chak jou men mèkredi) pou elèv lekòl segondè (ki gen ladan Choices ak Mardela) nan preparasyon pou tranzisyon nan ibrid jounen konplè nan lekòl yo nan 2 fevriye.

Semenn 1er Fevriye
(Dezyem Semes la
Komanse)

- Klas 9-12 ale nan ibrid 2 fevriye (ki gen ladan tout Choices ak elèv Mardela). Aprantisaj ap kontinye nòmalman Mèkredi ak nan jou elèv yo pa ale nan fas-a-fas.
- Tout lòt klas eksepte Prekindergarten ki ap kontinye ak orè ibrid nan Lendi / Madi oswa Jedi / Vandredi, ak elèv yo aprann nòmalman lè yo pa ale nan fas-a-fas. Prekindergarten ale chak jou men mèkredi se jou asenkronik pa gen fas-a-fas.

Paran/gadyen yo dwe komite nan aprantisaj ibrid pou elèv yo oswa chwazi aprantisaj.



PLAN POU RETOUNEN LEKOL LA

LI SIJE POU
NOU CHANJE
LI BAZE SOU
METRIK
SANTE YO
OSWA LOT
FAKTE YO

ANNOU PREPARE

- Plizyè semèn anvan yon klas retounen, paran yo/gadyen yo ap chwazi ibrid pou elèv la oswa kontinye aprantisaj vityèl
- Si yo chwazi ibrid, lekòl la di si elèv la ap itilize otobis lekòl la
- Elèv yo nou mete yo nan gwoup ibrid pa kay, lekòl, bezwen transpò, elatriye pou asire distans fizik
- Paran/gadyen fok nou bay akò COVID-19 paran/gadyen elev la byen anvan pou yo ale nan lekòl la oswa monte nan bis lekòl la.
- Pwofesè/manm pèsònèl nan lekòl la ap notifiye yon semèn anvan elèv yo

JOU LEKOL LA

- Elèv yo pote laptop ak plog pou chaje nan lekòl la chak jou lè yo ale an pèsòn
- Manje yo pral manje nan biwo elèv la oswa nan kafeterya ak distans fizik - biwo/tab dezenfekte anvan ak apre repa yo
- Manje disponib gratis pou tout elèv pou ane lekòl la
- Elèv ki ap aprann nòmalman nan ibrid lè yo pa ale nan fas-a-fas
- Mèkredi - aprantisaj asenkronik pou tout moun

SANTE & SEKIRITE

- Mask sipoze mete soti nan arive lekòl pou jis li lage epitou ak nan otobis lekòl la pou chak elèv yo ak anplwaye yo
- Lave men souvan ak itilizasyon dezenfektan pou men
- Distans fizik pou 6 pye oswa plis chak fwa sa posib
- Pwosedi ki swiv pou dezenfekte salklas yo ak lòt zòn pandan tout jounen an ak chak swa
- Plan an plas pou rezoud ka COVID-19 oswa ki tankou COVID-19 nan mitan elèv yo oswa anplwaye yo